# आकाशवाणी, गोरखपुर

## दिनांक–11 फरवरी 2025 भोजपुरी समाचार

बिहने प्रयागराज महाकुंभ क माघ के पुन्नमासी क नहान होई। येह अमृत नहान क हिस्सा बने खातिर करोड़ो सरधालु प्रयागराज महाकुंभ पहुंचि चुकल हवें। सरधालुअन क आइल लगतारे जारी है। प्रदेस सरकार माघ क पुन्नमासी नहाल के सफल आयोजन बदे कई गो खास कदम उठावल है। हमारे संवाददाता क एगो रिपोर्ट–

***आज सुबह 4 बजे से पूरे मेला क्षेत्र में निजी गाड़ियों का आना–जाना वर्जित है। इसके अतिरिक्त आज शाम 5 बजे से नो व्हीकल जोन निर्देश का पूरे प्रयागराज शहर में लागू है। इस अवधि के दौरान केवल आपातकालीन और आवश्यवक सेवाओं को ही आवाजाही की अनुमति दी जाएगी। यह विशेष यातायात योजना कल माघी पूर्णिमा स्नान के समापन तक प्रभावी रहेगी। इससे पहले मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ ने कई जिलों के वरिष्ठ अधिकारियों, पुलिस और जिला प्रशासन के अधिकारियों के साथ एक विशेष समीक्षा बैठक की थी। अधिकारियों को अतिरिक्त विशेष मेला ट्रेनों और परिवहन निगम की बसों को तैनात करके प्रयागराज रेलवे स्टेशनों पर भीड़भाड को रोकने की भी निर्देश दिए। आकाशवाणी समाचार के लिए प्रयागराज से आदर्श।***

माघ क पुन्नमासी नहान के सथहीं प्रयागराज में एक महिन्ना से कलपवास कइ रहल दस लाख से बेसी कल्पवासी आपन कल्पवासो पूरा करिहें। येह बिच्चे, उत्तर रेलवे बतवले हवे कि प्रयागराज में महाकुंभ में सरधालुअन क सुविधा के धियान में रखि के आजु तिरानबे से बेसी ट्रेन चलावल जा रहलि है। उत्तर रेलवे क मुख्य जनसम्पर्क अधिकारी हिमांशु शेखर बतवलें कि प्रयागराज क सज्जो आठ स्टेसन पर यात्रियन खातिर सज्जो तरह क सुविधा उपलब्ध है। उहां के लोगिन से ट्रेन रद्द भइले से जुड़ल अफवाहन पर धियान न दिहले क आग्रह कइलीं।

**********

बिहने माघ क पुन्नमासी नहान अउर संतरविदास जयंती के नाते बनारसो जिला में लाखन के संख्या में सरधालु पहुंचि गइल हवें। जिला प्रसासन अउर पुलिस प्रसासन क अधिकारी भीड़ि के देखत सरधालुअन क सुविधा अउर सुरक्षा क इंतिजाम कइले में जुटल हवें।

संत रविदास जयंती क तइयारियन के देखि बदे बनारस क मण्डलायुक्त कौशल राज शर्मा सीर गोबर्धनपुर क संत रविदास मंदिर क आजु दौरा कइलें।

अजोध्यो में श्रीरामलला क दरसन बदे आजु करीब दस लाख से बेसी लोगि पहुंचल हवें। भारी भीड़ि के देखत अजोध्या धाम के विद्यालयन के चउदह फरौरी तक खातिर बन्द कइ दिहल गइल है।

**********

बनारस में सरधालुअन क भारी भीड़ि के देखत दशाश्वमेध घाट पर होखे वाला प्रसिद्ध गंगा आरती क सांकेतिक आयोजन कइल जाई। एहमें सरधालुअन के गइले पर रोकि रही। गंगा आरती क आयोजक संस्था बतवले हवे कि बिना कउनों आवाज क गंगा आरती कइल जाई।

**********

राष्ट्रवादी बिचारक अंत्योदय अउर एकात्म मानववाद क प्रणेता पंडित दीनदयाल उपाध्याय क आजु पुण्यतिथि मनावल जा रहल है। प्रदेस क मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ लखनऊ में उनके प्रतिमा पर फूल चढ़ा के उन्हें नमन कइलें। येह मौका पर आयोजित कार्यक्रम में मुख्यमंत्री कहलें कि सबकर साथ–सबकर विकास क भावे अंत्योदय क भाव हवे।

***पंडित दीन दयाल उपाध्याय जी का जो कहना था वह कि देश की प्रगति का मापक ऊंचे पायदान पर खड़े व्यक्ति से नहीं, बल्कि सबसे निचले पायदान पर जो व्यक्ति पड़ा है उसके चेहरे की खुशहाली से की जानी चाहिए। उनकी सोच अन्त्योदय की सोच थी। आज आप देख रहे होंगे कि पिछले ग्यारह वर्ष के अंदर प्रधानमंत्री मोदी जी के नेतृत्व में, मोदी जी ने दो हजार चौदह में जो बातें देश के नागरिकों से कहीं थीं। उनसे जब पूछा गया कि वास्तव में भारत के विकास का रोडमैप आपके पास क्या है उन्होंने एक शब्द में उसको कहा था एक वाक्य में कहा था कि सबका साथ और सबका विकास होगा। और ये सबका साथ और सबके विकास का भाव ही अन्त्योदय का भाव है।***

मऊ जिले में भारतीय जनता पारटी क कार्यकरता लोगि गाजीपुर तिराहा के पंडित दीनदयाल उपाध्याय के मुरती पर फूल चढ़वलें। पारटी पदाधिकारी अउर कार्यकरता लोगि उनके पुण्यतिथि पर उनके व्यक्तित्व अउर कृतित्व के यादि कइलें।

**********

मिर्जापुर जिला क कोतवाली देहात थान्हा इलाका क शाहपुर चौसा के सामने हाइवे पर आजु भिन्नहीं एगो कार सड़कि पर खड़ा ट्रक से लड़ि गइल। येह दुरघटना में दुइ जने क मउति हो गइल जबकि पांच लोगि घाही हो गइलें। ई सज्जो लोगि बनारस से मिर्जापुर होत बंबई जात रहलें।

**********

मौसम विज्ञान विभाग पूरबी उत्तर प्रदेस में बिहने से चउदह फरौरी ले तेज सतही बेयारि चलले क सम्भावना जतवले है। विभाग की ओरि से जारी पूर्वानुमान के मोताबिक येह हप्ता मौसम सुस्क रही।

**********